

Lakewood Elementary  
St. Lucie Public Schools



## Application for 21<sup>st</sup> Century After-school Program

Y-ap ofri pwogram sa-a bay pitit ou-a pou amelyore konpetans li nan matematik, lekti, ekriti, ak syans. Pwogram nan aprè lekòl nan “Lakewood Elementary” pral konpoze de pwojè ki baze sou aprantisaj k-ap enkòpore akademik avèk aktivite andeyò pwogram regilye-yo/anrichisman pèsonèl.

Yo pral anseye Lektè, Ekriti, ak “STEM” (Syans, Teknoloji, Jeni, ak Matematik) atravè pwojè ki baze sou aprantisaj. Elèv-yo pral travay tèt ansanm nan mennen investigasyon, rechèch, ak anplwaye konpetans yo te aprann nan “21<sup>st</sup> Century” nan bi pou konplete yon varyete de pwojè pandan tout ane-a. Yo pral founi elèv tou tan pou travay sou devwa lakay ak patisipe nan aktivite andeyò pwogram regilye-yo tankou espò, atizay, leson patikilye, ak aktivite mentò.

Sesyon Aprè-Lekòl la se apati de 3:15 p.m. – 5:15 p.m.

Pwogram lan pral kòmanse nan Lendi, **22 mwa Out, 2018**, epi yo pral ofri Lendi jiska Vandredi. Yon ti goute pral sèvi pwogram chak jou san yo pa koute paran / elèv (yo). Pwogram lan limite ak aplikasyon yo aksepte sou premye sèvis la. Si nimewo nou yo pi plis pase akomodasyon, yo pral mete pitit ou sou yon lis datant.

### Tanpri pote atansyon a règ-yo ki nan lis anba-a:

- **Yo pa-p founi transpòtasyon pou elèv-yo k-ap patisipe nan pwogram Aprè-Lekòl la.** Si pitit ou-a ap mache vin lekòl, tanpri voye yon nòt ki endike sa.
- Si pitit ou-a siyen pou pwogram nan, prezans-li obligatwa amwenske li absan lekòl jou sa-a. Elèv-yo dwe pote yon nòt ki sòti de paran-yo lè yo absan.
- Yo p-ap pèmèt okenn elèv pou kite lakou lekòl-la san yon notifikasyon alekri (de paran-l) pou koòdonatè-a. Paran-yo pral bezwen pou siyen nan ofis la pou sòti ak elèv-yo pi bonè.
- Elèv-yo mare avèk Kòd de Kondwit Elèv ki nan Lekòl Piblik-yo nan St Lucie pandan patisipasyon yo nan “21<sup>st</sup> CCLC”. <http://stlucie.k12.fl.us/pdf/codeofconduct.pdf>
- Konpòtman endisiplin pral lakòz tèminalasyon ou de pwogram nan -- **pa gen okenn eksepsyon.** Elèv-yo dwe respekte kamarad-yo, manm fakilte ak anplwaye.
- **Yo dwe vin chèche elèv yo vè 5:15 PM chak swa. Aprè twa (3) vin chèche anreta, yo pral tèminalasyon de pwogram nan.**
- **Paran patisipasyon se yon pati enpòtan nan pwogram “21<sup>st</sup> CCLC. Yo ekspekte pou ou asiste omwens de (2) nwit pou paran.**

Tanpri ranpli lòt bò fòm sa-a konplètman epi fè pitit ou-a retounen-l nan ofis lekòl la.

Lakewood Elementary  
St. Lucie Public Schools



Application for 21<sup>st</sup> Century After-school Program

**Asire ke aplikasyon sa-a ranpli konplètman anvan ou retounen-l. Si se pa sa, yo pa pral pran swen de li.**

Non Elèv-la: \_\_\_\_\_ Dat Nesans li: \_\_\_\_\_

Lekòl li Anrole: \_\_\_\_\_ Grad: \_\_\_\_\_ #ID Elèv-la \_\_\_\_\_

Frè ak Sè ki nan Lekòl-la: \_\_\_\_\_

Elèv-la abite avèk: Manman \_\_\_\_\_ Papa \_\_\_\_\_ Toulède \_\_\_\_\_ Lòt Moun \_\_\_\_\_

Elèv-la ap Resevwa: Manje Gratis \_\_\_\_\_ Manje Pri Redui \_\_\_\_\_ Peye pou Manje \_\_\_\_\_

Elèv-la ap Resevwa Sèvis nan : Edikasyon Eksepsyonèl pou Elèv (ESE) \_\_\_\_\_ Anglè Kòm Dezyèm Langaj (ESOL) \_\_\_\_\_

**Paran Ap Vin Chèche Elèv-la \_\_\_\_\_ Elèv-la Ap Mache Pou Ale Lakay \_\_\_\_\_**

Adrès Lakay: \_\_\_\_\_

Telefòn Paran Lakay: \_\_\_\_\_ Mobil: \_\_\_\_\_ Nan Travay: \_\_\_\_\_

Non Moun Pou Kontakte Nan Ka Emèjensi: \_\_\_\_\_ Telefòn: \_\_\_\_\_

Kòmantè Espesyal Konsènan Medikaman oswa Pwoblèn Lasante : \_\_\_\_\_

Moun ki Otorize pou Vin Chèche Elèv-la: \_\_\_\_\_

**Mwen te li konplètman epitou diskite kondisyon ak regleman-yo ki sou devan ak nan do aplikasyon sa-a avèk pitit mwen-an epitou mwen pral sipòte sa pandan tout ane-a. Mwen konprann ke mwen dwe vin chèche pitit mwen-an alè (vè 6:35 p.m.) chak jou. Aprè twa (3) vin chèche anreta, yo andwa tèmine-l de pwogram nan.**

Non Paran (Prente): \_\_\_\_\_

Siyati Paran: \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

**Lekòl Piblik-yo Nan St. Lucie  
Sant Kominotè D'apantisaj "21<sup>st</sup> Century"  
OTORIZASYON POU BAY ENFÒMASYON**

Mwen dakò pou yo bay enfòmasyon sa-vo sou pitit mwen-an (Si mwen pa tcheke NON sa ka lakòz yo bay enfòmasyon sou pitit mwen-an):

**Wi**  **Non** - Non pitit mwen-an, foto, vwa ak videyo bay la pwès pou rekonesans oswa rezon de nouèl.

**Wi**  **Non** - Non pitit mwen-an, foto, vwa ak videyo pou "websites" lekòl oswa distrik-la ki aksesib piblikman oswa pou difizyon.

**Wi**  **Non** - Non pitit mwen-an, foto, vwa ak videyo pou "Websites" Depatman Edikasyon Eta Florida oswa 21<sup>st</sup> CCLC ki aksesib piblikman oswa pou difizyon .

**Wi**  **Non** - Non, foto , ak kontak enfòmasyon pitit mwen-an pou fotogwaf nan liv souvni lekòl.

**Wi**  **Non** - Enfòmasyon anyè pitit mwen-an (non ak grad elèv)

Non (Tanpri Prente) \_\_\_\_\_ Siyati \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_

**Si ou ta vle resevwa kominikasyon pa imèl, tanpri founi adrès imèl-ou:**